



DEMOCRATES ENGAGES POUR UNE HAÏTI FORTE ET INCLUSIVE (DEHFI)

BON A SAVOIR SUR LE PARTI POLITIQUE DEHFI	TOUT SA OU DWE KONNEN SOU PATI POLITIK DEHFI
<p>DEHFI, C'EST QUOI ? (Démocrates Engagés pour une Haïti Forte et Inclusive) Il s'agit d'un parti politique sans limitation de durée, présent sur l'ensemble du territoire haïtien.</p>	<p>KISA DEHFI A YE ? Se yon pati politik ki tabli kò li nan tout rakwen nan peyi Ayiti pou tout tan gen tan.</p>
<p>Quel est la signification des mots clés du DEHFI ?</p> <p>Démocrates : Adeptes de la prise du pouvoir par le peuple et pour le peuple.</p> <p>Engagés : Nous sommes prêts à nous livrer corps et âme, à travailler jour et nuit pour défendre les intérêts supérieurs de la Nation Haïtienne et nous sommes plus que déterminés à mener la lutte pour le relèvement d'Haïti.</p> <p>Une Haïti forte : Une Haïti qui peut nourrir, soigner, instruire, éduquer et former ses enfants.</p> <p>Une Haïti qui a le contrôle de ses frontières terrestres, maritimes et aériennes.</p> <p>Une Haïti qui peut traiter, dialoguer et collaborer avec tous les autres pays du monde en fonction de ses intérêts.</p> <p>Une Haïti qui peut garantir à ses enfants la sécurité, la jouissance des libertés individuelles et les droits fondamentaux.</p> <p>Une Haïti où personne n'est au-dessus de la loi.</p> <p>Une Haïti où chaque personne peut s'accomplir librement.</p> <p>Une Haïti Inclusive : Une Haïti de rassemblement conformément à l'esprit de l'Arcahaie ; une Haïti où sont prises en compte les intérêts de tous les groupes et de</p>	<p>Kisa mo ki nan DEHFI yo charye, ki sans yo genyen ?</p> <p>Demokrat : Nou vle se pèp la ki pou ba nou pouvwa e lè n fin rive sou pouvwa, se pèp la nou pral sèvi e se pou li nou pral travay.</p> <p>Angaje : Nou prè pou nou mete tout fòs nou ak tout nanm nou nan batay san kanpe pou nou defann tout enterè peyi a pou n ka rekanpe eskap figi l.</p> <p>Yon Ayiti ki fò vle di :</p> <p>Yon Ayiti ki ka bay tout pitit li yo manje, pran swen yo lè yo malad, voye yo tout lekòl apre sa bay yo tout yon metye.</p> <p>Yon Ayiti ki gen kontwòl tout fwontyè li kit se atè kit anlè oubyen sou lanmè.</p> <p>Yon Ayiti ki ka gade tout lòt peyi nan je, pale ak yo, kolabore ak yo nan enterè pa l.</p> <p>Yon Ayiti ki ka bay tout pitit li yo sekirite ak ki ka pèmèt yo jwi tout libète ak tout dwa yo genyen selon lalwa.</p> <p>Yon Ayiti kote pèsonn pa sou tèt lalwa.</p> <p>Yon Ayiti kote tout moun kapab akonpli rèv yo genyen pou tèt yo, pou fanmi yo ak pou peyi yo.</p> <p>Yon Ayiti enkliziv : Yon Ayiti kote tout moun ladan l alawonnbadè nan respè lalwa, sa vle di « zannana kou pengwen, pit kou mawo ».</p>

toutes les catégories sociales dans le strict respect de la loi.	
La mission du DEHFI? « Mettre en œuvre des politiques publiques modernes et adaptées, restaurer les institutions régaliennes et assurer une répartition équitable des richesses nationales, afin d'améliorer les conditions existentielles de la population haïtienne ».	Ki misyon pati politik DEHFI A ? « Se mete an plas nan tout domèn yon seri de politik piblik pou remanbre tout entitisyon Leta yo yon fason pou tout Ayisyen kelkeswa kote yo ye kapab viv tankou moun tout bon » epi kanpe leta a nan sèvis yo ak pou sèvis yo ».
La vision de DEHFI ? « Une Haïti forte, prospère, souveraine au service de toutes ses filles et de tous ses fils sans distinction de couleur, de sexe, de genre, de religion et de convictions politiques ».	Ki vizyon pati politik DEHFI A ? « Se yon Ayiti ki granmoun tèt li, ki kapab bay tèt li mwayen pou l pran swen tout pitit li yo san distenksyon ».
La philosophie de DEHFI? « S'unir, Agir et Transformer ».	Ki filozofi pati politik DEHFI A ? « Nan konbit pou lavi miyò, nou tout dwe met men ». « Men nan men pou lavi ka bèl ».
Tendance idéologique de DEHFI Le DEHFI est un parti politique Centriste et Nationaliste	Tandan ideyolojik pati politik DEHFI DEHFI se yon pati politik Santris ak Nasyonalis
L'emblème de DEHFI ? C'est la carte géographique d'Haïti soulevée par l'ensemble de ces fils et filles, symbole de la conjugaison des forces de tous les segments de la population haïtienne pour travailler au relèvement et au renouveau du pays.	Ki anblèm pati politik DEHFI A ? Se kat Ayiti ke tout pitit li ap pote. Senbòl sa vle di ke tout moun enpòtan nan konbit pou mete peyi sa kanpe djanm sou de pye militè l.
Les couleurs de DEHFI ? Le bleu ciel et le blanc.	Ki koulè pati politik DEHFI a ? Ble syèl ak Blan
Le slogan de DEHFI? « Relevons ensemble les défis ».	Ki eslogan pati politik DEHFI a? “ Ansanm n ap leve defi yo”
Les valeurs prônées par DEHFI? <ul style="list-style-type: none"> - Le patriotisme - La responsabilité - La redevabilité - L'efficacité - La solidarité - Le respect 	Pou ki valè pati politik DEHFI ap fè promosyon ? <ul style="list-style-type: none"> - Pou tout moun renmen peyi a. - Pout tout moun responsab pou sa yo fè. - Pou tout moun rann kont osinon bay rapò lè yo pran yon angajman ak yon responsabiltè. - Se sou rezilta yon moun y ap jije l. - Tout moun dwe kole zèpòl; mete ansanm. - Respè youn pou lòt ak respè pou prensip ak lalwa.

<ul style="list-style-type: none"> - L'excellence - L'honnêteté - La Droiture - La diversité - La tolérance - L'intégrité 	<ul style="list-style-type: none"> - Tout bagay dwe fèt selon nòm, estanda, règ ak prensip ki etabli pou sa - Tout moun dwe toujou aji selon sa règ ak prensip yo mande - Tout moun se moun, tout moun dwe ladan l - Apsete tout moun pou sa yo ye ak fòs yo ak feblès yo, valè yo ak konviksyon yo. - Moun ki aji avèk jistis ak lwayote epi mennen yon vi ki konfòm ak règ yo nan moralite sosyal ak pwobite
<p>Les Objectifs de DEHFI</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Prendre le pouvoir par les moyens démocratiques et légaux ; 2) Aiguiser la conscience collective et citoyenne sur la nécessité du « <i>vivre ensemble</i> » en vue de promouvoir la stabilité politique et le développement durable ; 3) Aiguiser la conscience collective et citoyenne sur les différentes potentialités ainsi que les véritables problèmes du pays ; 4) Encourager le dialogue entre tous les acteurs afin d'arriver à la réconciliation nationale, en transcendant les clivages politiques et ethniques en vue d'obtenir et sauvegarder la paix, la cohésion sociale et l'entente nationale ; 5) Contribuer au renforcement des institutions démocratiques et l'état de droit, afin de garantir la stabilité politique et la bonne gouvernance ; 6) Veiller au respect des droits humains et de la dignité humaine, faire la promotion de l'équité de genre ; 7) Promouvoir le développement économique, social, équitable et inclusif, en mettant l'accent sur les ressources et les potentialités propres au pays ; 8) Améliorer l'accès aux services publics essentiels comme : l'éducation, la santé, le logement, l'accès à la technologie, le loisir et les infrastructures pour le bien-être de tous les Haïtiens et de toutes les Haïtiennes ; 9) Adopter des politiques économiques pragmatiques qui tiennent compte de notre réalité, en combinant 	<p>Objektif pati politik DEHFI a</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Pran pouvwa nan eleksyon; 2) Fè tout moun nan popilasyon pran konsyans sou nesesite pou gen estabilite politk ak devlopman dirab; 3) Fè tout moun nan popilasyon an pran konsyans sou tout richès peyi a genyen ak tout pwoblèm l ap konfwonte; 4) Ankouraje dyalòg nan tout sektè nan peyi a yon fason pou nou rive jwenn lapè, koyezyon sosyal ak antant nasyonal; 5) Travay pou fè tout enstitisyon nan Leta yo kanpe djanm yon fason pou n ka rive bati yon peyi ki chita sou lalwa, estabilite politik ak bon gouvènans; 6) Travay pou dwa ak diyite moun respekte, fè pwomosyon pou fanm ak gason gen menm dwa; 7) Travay yon fason pou peyi a ka devlope sou plan ekonomik, sosyal, pandan n ap mize sou tout potasyalite li genyen; 8) Travay pou tout moun gen aksè ak tout sèvis piblik de baz yo tankou : edikasyon, lasante, kay pou yo rete, teknoloji, lwazi, wout, pò, ayewopò elatriye; 9) Adopte tout politik ekonomik ki baze sou reyalite pa nou pandan n ap mete ansanm a k tout antrepriz k ap fonksyone nan peyi a, tout investisman etranje yo yon fason pou ka kreye travay pou tout moun ka viv tankou moun;

<p>initiatives locales et investissements étrangers, pour stimuler la croissance d'une part et créer des emplois durables et décents d'autre part ;</p> <p>10) Développer des programmes d'éducation et de formation professionnelle adaptés aux besoins locaux, en vue d'un lendemain meilleur pour nos jeunes haïtiens et haïtiennes ;</p> <p>11) Défendre les intérêts supérieurs du pays par rapport aux enjeux stratégiques, géopolitiques et militaires régionaux et mondiaux ;</p> <p>12) Permettre au pays de retrouver sa place dans le concert des nations grâce à une diplomatie et une coopération internationale renforcée ;</p> <p>13) Défendre en tout temps et sans concession l'intégrité territoriale et la souveraineté nationale</p>	<p>10) Mete sou pye pwogram edikasyon ak fòmasyon pwofesyonèl selon sa peyi a bezwen pou l devlope tèt li;</p> <p>11) Defann enterè peyi pa rapò a sa k ap pase nan rejyon kote nou ye ak sa k ap pase nan rès mond lan;</p> <p>12) Pèmet peyi a rejwenn plas li te genyen nan tan lontan pami tout lòt nasyon sou latè;</p> <p>13) Defann nan tout sikontans e nan tout okazyon entegrite peyi nou ak souverènte li.</p>
<p>Conditions pour être membre de DEHFI</p> <ul style="list-style-type: none"> - Être Haïtien - Être majeur ; - Être de bonne vie et mœurs ; - Partager la vision et les valeurs du parti et s'adhérer à sa mission ; - Accepter les statuts, règlements et consignes du parti ; - N'avoir jamais été l'objet d'une peine infamante et afflictive ; - Détenir une carte d'identité valide (NIF/NIU) - Deux (2) photos - Payer régulièrement sa cotisation de membre. 	<p>Ki kondisyon pou rampli pou ka vin manm pati Politik DEHFI ?</p> <ul style="list-style-type: none"> - Fòk ou se Ayisyen - Fòk ou gen pou pi piti 18 lane - Fòk ou gen bon repitasyon - Pataje valè ak misyon pati a - Asepte estati, règleman ak konsiy pati a - Fòk ou pa t janm kondane pou vye zak malonèt - Fòk ou gen kat idantite ki valid - Fòk ou gen 2 foto - Peye kotizasyon nan pati a chak lè a rive
<p>La qualité de membre se perd</p> <ul style="list-style-type: none"> - En cas du non-respect des valeurs, des lois, des règlements du parti ; - Par la démission volontaire exprimée par écrit à la Coordination Nationale ou aux autres Coordinations (départementales, régionales et communales). - Par décès. - Par exclusion prononcée par les instances concernées pour les cas suivants : <ul style="list-style-type: none"> a) Si le membre est condamné à une peine afflictive ou infamante. 	<p>Nan ki kondisyon yo ka mete w deyò nan pati politik DEHFI a ?</p> <ul style="list-style-type: none"> - Vyole lwa ak règleman pati a - Si moun nan bay demisyon l - Si moun nan mouri - Si lajistis kondane moun nan pou zak malonèt li komèt - Si li pa janm an règ avèk pati a - Si li pa janm patisipe nan okenn aktivite pa ti a san rezon

<p>b) S'il ne remplit pas ses obligations vis-à-vis du parti.</p> <p>c) S'il ne participe pas aux activités du parti sans motifs ni raisons valables pendant une période d'un an.</p> <p>d) S'il est prouvé que le membre s'est impliqué dans des actes frauduleux ou dans des malversations préjudiciables aux activités de DEHFI.</p>	<p>- Si gen bon jan prèv moun nan ap manniganse konplo kont pati a osinon li komèt zak malonèt anndan pati a tankou fwod ak koripsyon</p>
<p>Les différents membres de DEHFI</p> <ul style="list-style-type: none"> - Membres fondateurs - Membres adhérents - Membres d'honneurs - Consultants - Bénévoles 	<p>Tout kategori manb pati politik DEHFI a ?</p> <ul style="list-style-type: none"> - Manm fondatè pati ya - Manb aderan pati a - Manm donè - Konsiltan - Benevòl
<p>Les avantages offerts aux membres de DEHFI</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Opportunité de réseautage ; 2) Opportunité de représenter le parti en accord des dirigeants ; 3) Opportunité de développement personnel. 	<p>Ki avantaj ou ka genyen lè ou se manm pati politik DEHFI a ?</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Benefisye de kapasite tout moun ki se manb pati politik la 2) Al reprezante pati politik la 3) Benefisye de tout fòmasyon k ap fèt pou manb pati ak tout lòt avantaj
<p>Les structures dirigeantes du parti DEHFI</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Une Coordination Nationale 2) Les Coordinations départementales 3) Les Coordinations au niveau de la diapora haïtienne 4) Les Coordinations régionales ou au niveau des arrondissements 5) Les Coordinations communales 6) Les Coordinations des sections communales 7) Les cellules 	<p>Kijan pati politik DEHFI estriktire ?</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Yon Kòdinasyon nasyonal 2) 10 Kòdinasyon depatmantal 3) 3 Kòdinasyon nan diaspora 4) 42 Kòdinasyon rejyonal 5) 146 Kòdinasyon kominal 6) 572 Kòdinasyon nan seksyon kominal 7) Yon selil nan chak abitasyon